# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–30 दिसंबर 2025** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ नया बरिस में प्रवेस के दौरान पदेसवासियन से हर हप्ता कम से कम एक घंटा 'ज्ञानदान' बदे निकरले क अपीलि कइले हवें। अपने सोसल मीडिया प्लेटफारम पर योगी क पाती नांव से सनेसा साझा करत उहां के कहलीं कि सज्जो नौजवान अपने आसपास क पांच लइकन के कम्प्यूटर आ एआई के बिसय में जागरूक करे क एगो खास संकल्प लें। प्रस्तुत बा एगो रिपोर्ट–

***मुख्यमंत्री ने अपने सोशल मीडिया संदेश में कहा कि 2025 का वर्ष टेक्नोलॉजी, एआई व डेटा में नवाचार के नए मापदंड स्थापित करने के लिए स्मरण किया जाएगा। उन्होंने कहा कि उत्तर प्रदेश भविष्योन्मुखी विकास के नए मानक गढ़ रहा है। जागरूकता और ज्ञानदान की अपील करते हुए श्री योगी ने कहा है कि प्रदेश में सुशासन के राज ने विश्व भर में ब्रांड यूपी को सशक्त किया है। उत्तर प्रदेश अब निवेशकों के विश्वास का राज्य बन गया है। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु 'रिफॉर्म एक्सप्रेस–दुइ हजार पचीस के ले के एगो लेख साझा कइलें। एहमें सासन क ओह संचयी काम पर रोसनी डारल गइल बा, जे धीरे–धीरे बाधा के दूर कइले हवे। केन्द्रीय मंत्री हरदीप सिंह पुरी क एगो पोस्ट साझा करत श्री मोदी कहलें कि श्रम कानूनन आ ब्यौपार समझौता से ले के रसद, ऊर्जा आ बजारि सुधारन ले, देस क विकास गाथा बिस्वसनीयता, स्थिरता आ दीर्घकालिक बिस्वास पर आधारित बा।

**********

कृषि आ किसान कल्याण मंत्री शिवराज सिंह चौहान कहले हवें कि संसद में येह समय के जरूरति के धियान में रक्खत आ मनरेगा योजना क कमियन के दूर करे बदे विकसित भारत–जी–राम–जी विधेयक पारित कइल गइल हौ। आजु भोपाल में एगो संवाददाता सम्मेलन में श्री चौहान कहलें कि विकसित भारत–जी–राम–जी योजना के अउरियो बेसी परभावी बनावे बदे एके प्रधानमंत्री क गति शक्ति पहल से जोड़ल गइल बा। उहां के कहलीं कि येह मिशन में बेरोजगारी भत्ता बदे साफ प्रावधान सामिल हौ आ अधिनियम में जरूरी वित्तीय इंतिजाम सुनिस्चित कइल गइल बा।

***आगामी वित्तीय वर्ष में जो प्रस्तावित बजट प्रावधान है वो भी एक लाख 51 हजार दो सौ 82 करोड़ रुपए किया गया, पिछले साल 88 हजार करोड़ था केवल। जब सौ से सवा सौ दिन मजदूरी करनी है, तो उसके लिए वित्तीय प्रावधान आवश्यक है, जो किए जा रहे हैं। केन्द्र का अपना हिस्सा बढ़ के अकेले 95 हजार करोड़ रुपए से ज्यादा होगा।***

**********

अजोध्या में श्रीरामलला के प्राण प्रतिस्ठा के दुसरकी वर्षगांठ प्रतिष्ठा द्वादशी क मुख्य आयोजन बिहने होई। ओइजा क मण्डलायुक्त राजेश कुमार कहलें कि बिहने केन्द्रीय रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह आ मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अजोध्या आ रहल हवें। उनके अइले क सज्जो तइयारी पूरा कइ लिहल गइल बा। उहां के कहलीं कि बिहने आ एक जनौरी के ढेरि संख्या में सरधालुअन के अइले क ओम्मेद बा। एके देखत जगहि–जगहि कंट्रोल रूम बनावल गइल हौ आ सुरक्षा क कड़ेर इंतिजाम कइल गइल बा।

**********

उपमुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य प्रयागराज में आयोजित होखे वाले माघ मेला के तइयारियन क काल्हि संझा औचक निरीक्षण कइलें। उहां के कहलीं कि माघ मेला मिनी कुंभ के तर्ज पर आयोजित कइल जा रहल बा। उप मुख्यमंत्री कहलें कि प्रदेस सरकार माघ मेला क बजट बढ़ा के सौ करोड़ रूपिया कइ दिहले हौ। श्री मौर्य बतवलें कि सरधालुअन के भीड़ि के देखत मेला में सुरक्षा क कड़ेर इंतिजाम कइल जा रहल बा। माघ मेला–दुइ हजार छब्बीस क आयोजन तीनि जनौरी से पनरह फरौरी ले कुलि चउवालीस दिन क होई।

**********

देस क विकास जतरा में बरिस दुइ हजार पचीस एगो निर्णायक कालखंड हौ। येह बरिस कल्याणकारी नीति प्रगति के जमन दिहलस आ मजबूत इरादा सार्थक नतीजा दिहलस। बिसेस श्रृंखला 'सुधारों का वर्ष' में आजु प्रस्तुत बा बरिस दुइ हजार पचीस में सांस्कृतिक क्षेत्र में भारत क प्रगति के ले के एगो रिपोर्ट–

***यह वर्ष, देश के आध्यात्मिक परिदृश्य में एक महत्वपूर्ण क्षण था, जब अयोध्या में श्री राम जन्मभूमि मंदिर का निर्माण पूरा हुआ। तो वहीं नवंबर में प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी ने एक ऐतिहासिक क्षण के रूप में राम मंदिर के शिखर पर भगवा धर्म ध्वजा फहराया। यह वर्ष, इसलिए भी शानदार रहेगा क्योंकि दीपावली को यूनेस्को की मानवता की अमूर्त सांस्कृतिक विरासत की सूची में शामिल किया गया। सामूहिक भागीदारी की भावना से, राष्ट्रीय गीत वंदे मातरम की 150वीं वर्षगांठ को एक साल तक चलने वाले उत्सव के रूप में शुरू किया गया। करीब एक करोड़ साठ लाख से अधिक नागरिकों ने अपनी प्रस्तुतियां रिकॉर्ड की। आदर्श और रोहन से साथ, सकलेन अख्तर, आकाशवाणी समाचार, दिल्ली।***

**********

मौसम विभाग पूरबी उत्तर प्रदेस में आजु से ले के अगिला दुइ दिन ले घना से ले के ढेर घना कुहेसा परले क ऑरेंज अलर्ट जारी कइले हौ। येह दौरान मौसम क सुस्क रहले क सम्भावना बा। विभाग के मोताबिक एक जनौरी के पच्छिमी उत्तर प्रदेस में कहीं–कहीं हल्लुकाहे बरखो भइले क सम्भावना बा।

**********